



IBRAHIMA
AK
DOOMAM



Amoon na bés Yàlla doon na nattu Ibrahima,
mu ne ko: Ibrahima! Mu tontu ne: Maa ngii.
Yàlla ne ko: Jèlal sa doom Isaaxa, jenn ji nga
am te nga bëgg ko, nga dem ca réewu Morisa
ca tund wa ma lay wax, joxe ko fa, mu nekk
sarax su ñuy lakk.

Noonu Ibrahimma jóg ci suba teel, takk
mbaamam, ànd ak ñaari surgaam ak
doomam Isaaxa. Mu xar matt ma ngir sarax
su ñuy lakk, daldi jóg, jëm fa ko Yàlla wax.





Ca ñetteelu fan ba Ibrahima daldi xool, séen
bérab ba fu sore. Mu ne surga ya: Toogleen fii
ak mbaam mi; man ak waxambaane wi nu
dem ba fale, màggal Yàlla te dellusi ci yeen.

Ibrahima jël matt ma ngir sarax sa, jox ko
Isaaxa doomam, mu gàddu ko; moom mu yor
ci loxoom safara sa ak paaka ba. Noonu ñu
ànd ñoom ñaar.

Isaaxa ne Ibrahima baayam: Baay! Mu tontu
ko: Waaw, sama doom. Isaaxa ne ko: Safara
saa ngii, matt maa ngi, waaye ana mbote mi
ngir sarax si? Ibrahima ne ko: Sama doom,
Yàlla dina indi, moom ci boppam, mbote mi
ngir sarax si. Noonu ñu ànd ñoom ñaar.





Ba ñu eggee fa ko Yàlla wax, Ibrahimma dajale ay doj ngir rendikaayu sarax; mu teg ca matt ma, daldi yeew Isaaxa doomam, teg ko ci kaw matt ma ca rendikaay ba. Ibrahimma tàllal loxoom, daldi jël paaka ba, ngir rendi doomam.

Waaye malaakam Boroom bi tollu ci asamaan
woo ko, ne ko: Ibrahimima! Mu tontu ko: Maa
ngii. Malaaka ma ne ko: Bul jemale sa loxo ci
waxambaane wi; bu ko def dara, ndaxte léegi
xam naa ne, ragal nga Yàlla, ci li nga ma
gàntuwul sa jenn doom ji nga am.





Ba mu ko déggee, Ibrahim geestu, gis ci-
ginnaawam kuuyum xar, mu béjjen ya lonku
ci as ngarab.

Ibrahima dem, daldi jël kuuy ma, joxe ko, mu
wuutu doomam, nekk sarax su ñuy lakk.
Noonu Ibrahima tudde bérab boobu: Yéhowa-
Yiré (muy tekki: Boroom bi dina ko indi).
Moo tax ñuy wax ba tey: Ci tundu Boroom bi
dina ko indi.





Nettali bii, bu am maana la te mat naa leeral.
Lu tax Isaaxa deewul? Deewul ndaxte xar
ma wuutu na ko. Xar, ma amul woon genn
toonñ, moo dee, Isaaxa mucc. Kon nag, lu nu
Yàlla bégga jàngal ci xar ma ak Isaaxa?

Yonent Yàlla Esayi xamle na lu Yàllay def,
ngir jot waa àddina. Nun ñépp ànd nanu ak
sunu maam Aadama, di tooñ Yàlla ba yelloo
mbugalam, ndaxte peyug bàkkaar mooy dee
ba abadan. Ba tey nu sàunku du coobareg
Yàlla. Daf noo bégga musal te may nu jàmm
fa kanamam. Waaye su deret tuuruwul, Yàlla
du nu mana baal. Kon nag....





.....Esayi yégle na, ne Yàlla dina yónni ci àddina Almasi bi. Ni xar ma wuutoo woon Isaaxa, noonu itam la Almasi bi wara deeye, ngir jot waa àddina. Mu ne:

Gaañu na ngir sunuy bàkkaar,
Damm ngir sunuy tooñ;
Ndaan gi nu may jàmm, ci moom la dal,
Ay góomam ñoo nu wéral.
Sonal nañu ko, waaye nangu na ko te
ubbiwul gémminam;
Mel ni mbote, mu ñuy yóbbu ca rendikaay ba,
Ni xar mu luu ci kanamu ñi koy wat,
Ubbiwul gémminam.

Juróom-ñaari téeméeri at gannaaw ga nag yonent Yàlla Yaxya feeñ. Yàlla yónni na ko, ngir xàll yoonu Almasi bi, Yeesu Krist. Benn bés mu teg ko baaraam, ne ay taalibeem: Xoolleen! Kii mooy mbotem Yàlla, mi ñu nara rey ngir dindi bàkkaaruu àddina.





Tuuti gannaaw ga Yeesu Krist ci boppam nee woon na, dina dee ni xarum sarax, ngir fey bàkkaari àddina te ubbi buntu jàmm ba fàww. Nee na:

Nëw naa ngir joxe sama bakkan, ngir jot ñu bare.

Noonu mu jébbale boppam, ñu daaj ko ca bant ba.

Ndawul Yàlla Pool teg ca ne: Yàlla jébbale
na Krist ngir sunuy tooñ, dekkal ko ngir àtte
nu jub. Te yonent yépp sax bokk nañu genn
kàddu, naan: Ku ko gëm, Yàlla dina la baal
say bàkkaar ciw turam.

Dee na, ngir nu mana dund.
Sonn na, ngir nu mana am jàmm.
Yenu na alkande, ngir nu mana jot barke
ba fàww.





Kon nag, ngir jot téere, buy yaatal sa xam-xam ci Mbind mu Sell mi, nanga nu bind ci Yoonu Njub, B.P. 771, Dakar/B.P. 370, St. Louis mbaa ci: